

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Pangajaran nyarita kaasup kana salah sahiji kagiatan kaparigelan basa produktif. Nurutkeun Haerudin jeung Kardana (2013, kc. 42) pangajaran kaparigelan basa ngawengku pangajaran ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis. Pangajaran nyarita mangrupa bagian tina pangajaran maké basa sacara lisan. Pangajaran nyarita ogé kaasup kana salah sahiji pangajaran kaparigelan basa aya dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) nu ditetepkeun ku Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003 ngeunaan “*pemeliharaan bahasa, sastra, dan aksara daerah, bahasa daerah diajarkan di pendidikan formal dan non-formal di Jawa Barat*”. (Peraturan Gubernur, 2007, kc. 5)

Dina Standar Kompetensi (SK) nyarita, siswa kelas XII dipiharep mampu nyarita pikeun ngébréhkeun maksud (ide, pikiran, kereteg haté) dina biantara, panata acara, mingpin diskusi, seminar, jeung panumbu catur.

Sok sanajan nyarita geus jadi kabiasaan anu maneuh pikeun unggal jalma, tapi ari pikeun ngahontal kaparigelan nyarita mah anggér kudu dibarengan ku diajar jeung dilatih. Kiwari, kamampuh nyarita siswa kawilang asor, ieu hal katitén tina minat siswa jadi panata acara, boh éta kawani nepikeun gagasan atawa pamadegan kalawan anteb (tenang), boh éta paripolah nu luwes (teu kaku) tur nepi ka mampuh nyarita kalawan lancar. Ieu hal luyu jeung pamadegan Haérudin jeung Suhérman (2013, kc. 79)

Materi pangajaran panata acara salah sahiji aspék anu aya dina pangajaran nyarita. Tujuanana sangkan siswa parigel dina nyarita, hususna mandu acara. Aya rupa-rupa bangbaluh anu karandapan ku siswa dina pangajaran nyarita.

Bangbaluh nu karandapan ku siswa tangtu aya nu ngalantarankeunana, di antarana stratégi dina nepikeun matéri, siswa kurang maham eusi téks jeung kandaga kecap. Siswa anu heureut wawasanna bakal hésé ngébréhkeun naon anu hayang dikedalkeunana.

Guru salaku fasilitator kudu bisa manggihan solusi pikeun ngungkulan ieu bangbaluh. Salah sahiji tarékahna nya éta ku cara ngagunakeun modél pangajaran. Ngaliwatan modél pangajaran dipiharep kamampuh siswa dina matéri pangajaran panata acara bisa ngaronjat. Guru dipiharep bisa nepikeun matéri pangajaran ngagunakeun modél pangajaran secara aktif, inovatif sarta bisa dipikaresep ku siswa. Sabab pangajaran moal lumangsung kalayan lancar saupama siswa teu resep kana pangajaran nu monoton. Ieu hal luyu jeung pamadegan Kemp dina Rahman (2012, kc. 9) nétélakeun yén modél pangajaran mangrupa perencanaan pangajaran (*desain intruktional*) nu digunakeun pikeun nangtukeun maksud jeung udagan dina unggal topik atawa pokok bahasan.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris nerapkeun modél pangajaran “*Complete Sentence*” nu dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung hasil diajar siswa dina kaparigelan nyarita dina matéri pangajaran panata acara.

Dipilihna modél pangajaran *Complete Sentence*, dipiharep mampu ngungkulan pasualan nu karandapan ku guru ogé siswa.

Dina Rahman (2012, kc. 12) ditétélakeun yén *Complete Sentence* nya éta wanda modél pangajaran anu ngagunakeun kertas kerja anu eusina mangrupa paragrap-paragrap nu teu lengkep. Siswa ngalengkepan téks paragrap anu kosong sangkan nyangkem eusi paragrap.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan hayang ngabuktikeun yén ngaliwatan modél pangajaran *Complete Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa tur ngaronjatkeun minat siswa kana pangajaran nyarita hususna dina matéri panata acara nu mangrupa bahan ajar nu bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita.

Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan anu judulna **Modél Pangajaran Complete Sentence Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Siswa dina Matéri Pangajaran Panata Acara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun ajaran 2015/2016)** perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Watesan masalah dina ieu panalungtikan luyu jeung kasang tukang nya éta modél *complete sentence* dina matéri pangajaran panata acara di SMA Pasundan 1 kelas XII C6.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kumaha kamampuh siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara saméméh ngagunakeun modél *Complete Sentence*?
2. Kumaha kamampuh siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence*?
3. Naha aya bédha nu signifikan kamampuh siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence*?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta nguji Modél Pangajaran *Complete Sentence* dina matéri pangajaran panata acara di SMA Pasundan 1 Bandung Taun ajaran 2015/2016 di kelas XII C6.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. kamampuh nyarita siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung dina matéri pangajaran panata acara saméméh ngagunakeun modél *complete sentence*.
2. kamampuh nyarita siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung dina matéri pangajaran panata acara sanggeus ngagunakeun modél *complete sentence*.

3. bédha anu signifikan kamampuh siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 dina matéri pangajaran panata acara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeul tataran tioritis jeung praktis.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Hususna guru basa Sunda dipiharep bisa nambahana pangaweruh dina milih métode pangajaran sangkan luyu jeung bahan ajar pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Pikeun siswa bisa mikanyaho mangpaat nyarita sarta aturan-aturan anu aya di jerona, iwal ti éta pikeun nu nalungtik sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, bisa mikawanoh modél pangajaran sarta bahan ajar anu luyu.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi ogé pangdeudeul hususna ngeunaan modél pangajaran pikeun nepikeun bahan ajar sangkan tujuan pangajaran kahontal.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika dina ieu tulisan nyoko kana lima bab.

BAB I Bubuka, eusina nya éta kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan, mangpaat, jeung sistematika tulisan

BAB II Ulikan teori, raraga mikir, asumsi, jeung hipotésis, medar tiori-tiori nu patali jeung variabel dina ieu panalungtikan, eusina nya éta tiori ngeunaan modél pangajaran, tiori ngeunaan nyarita, jeung kamampuh jadi panata acara, medar panalungtikan saméméhna, kumaha kalungguhan tiorina, kumaha raraga mikir jeung hipotésisna.

BAB III Métode panalungtikan, eusina nya éta sumber data, desain, subjek, prosedur, métode, téknik, instrumén, jeung analisis data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung deskripsi ngeunaan modél pangajaran *Complete Sentence* pikeun

ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 jadi panata acara.

BAB V Kacindekan, implikasi jeung saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panlungtikan, implikasi jeung saran.